



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL NONMEN TIMOTHY HOGUES KÒM KOMISÈ AK PREZIDAN KOMISYON SÈVIS SIVIL ETA A

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo pral nonmen Timothy Hogues pou sèvi kòm Komisè ak Prezidan Komisyon Sèvis Sivil Eta a.

"Fonksyonè sivil egzanplè New York yo merite lidèchip ki egalman kalifye ak angaje pou travay Eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk pil eksperyans ak pasyon pou sèvis piblik la, Timothy Hogues pral yon lidè ekstraòdinè pou Komisyon an epi mwen pa ka tann pou m kòmanse travay avèk li pandan n ap kontinye rezoud difikilte yo ki pi presan nan Eta a epi pote rezilta pou Nouyòkè yo".

Timothy Hogues te sèvi tou dènyeman kòm Komisè Pèsonèl pou Konte Erie kote li te responsab pou sipèvizè sèvis yo te bay ak plis pase 130 otorite ki te nonmen epi anviwon 24,000 anplwaye nan tout konte a atravè aplikasyon ak antretyen sèvis ki sipòte ak fasilite rekritman, seleksyon, anbochaj, devlopman ak retansyon anplwaye gouvènman lokal ak distri lekòl yo an akò ak Lwa ak Règleman sou Sèvis Sivil yo. Mesye Hogues te kòmanse wòl sa apre Egzekitif Konte Erie, Mark Poloncarz, te nonmen li an 2019.

Anvan sa, Mesye Hogues te sèvi kòm Komisè pou Depatman Sèvis pou Moun Aje nan Konte Erie kote, anba lidèchip depatman an te kapab amelyore eksperyans restorasyon (manje) kolektif ak elaji opsyon restorasyon ki pa tradisyonèl pou plizyè milye adilt aje yo nan Konte Erie ki konte sou pwogram restorasyon an pou satisfè bezwen nitrisyonèl yo. Anplis sèvis gouvènman devwe li a, Mesye Hogues te travay kòm yon Responsab Operasyon nan antrepriz prive yo nan zòn Buffalo pou ede yo amelyore rezilta yo nan itilize konpetans pou rezoud pwoblèm li ke li te aprann nan kòmansman karyè lidèchip li ansanm ak kapasite li pou byen kominike avèk moun nan tout nivo nan yon òganizasyon. Anplis eksperyans li nan jesyon, li te sèvi nan Lejislati Konte Erie (2012-13). Mesye Hogues sèvis nan plizyè Konsèy kominotè yo nan zòn Buffalo epi li se yon diplome nan Inivèsite Buffalo kote li te gradye avèk yon Diplòm Lisans (B. A.) nan Administrasyon ak Jesyon Dafè.

Komisyon Sèvis Sivil Eta New York la adopte ak modifiye règ ki gouvènè yo bann zafè sou sèvis sivil Eta a. Règ sa yo sijè ak apwobasyon Gouvènè a epi gen fòs ak efè lalwa. Komisyon an tandè ak detèmine rekou sou zafè sa yo tankou kalifikasyon egzamen,

evalyasyon egzamen, klasifikasyon pòs, detèminasyon nivo reminerasyon, mezi disiplinè, itilizasyon lis prefere ak demann pou kontinye travay moun ki retirete yo. Anplis de sa, Komisyon an enspekte regilyèman ak sipèvize operasyon Komisyon Sèvis Sivil minisipal yo ak ofisye pèsonèl vil ak konte yo. Komisyon an gen ladan twa manm: Prezidan Komisyon an, ki se Chèf Depatman Sèvis Sivil la ak de Komisè. Dapre lalwa, pa plis pase de sou twa moun kapab manm menm pati politik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418